# «Сақаўат ҳәм көмек» фонды: кем тәмийинленген шаңарақларға жәрдем көрсетилди

**Алдын хабар бергенимиздей, Өзбекстан Республикасы Ҳүкиметиниң тийисли бийлигине тийкар Қарақалпақстан Республикасындағы кем тәмийинленген, жәрдемге мүтәж шаңарақларға «Сақаўат ҳәм көмек» фондының аймақлық бөлими арқалы 10 миллиард сўмлық материаллық жәрдем белгиленди.**

Image not found or type unknown

**Бүгинги күнде усы ажыратылған қаржылар Нөкис қаласы ҳәм районлар кесиминде ҳәр бир шаңарақтың кем тәмийинленгенлик дәрежеси, яғный шаңарақ ағзаларының санынан келип шыққан ҳалда төмендегише бөлистирилди:**

Нөкис қаласы – 1 миллиард 697 миллион сўм;

Әмиўдәрья районы – 721 миллион;

Беруний районы – 706 миллион сўм;

Бозатаў районы – 150 миллион сўм;

Қараөзек районы – 340 миллион сўм;

Кегейли районы – 625 миллион сўм;

Қоңырат районы – 829 миллион сўм;

Қанлыкөл районы – 422 миллион сўм;

Мойнақ районы – 289 миллион сўм;

Нөкис районы – 376 миллион сўм;

Тақыятас районы – 483 миллион сўм;

Тахтакөпир районы – 280 миллион сўм;

Төрткүл районы – 753 миллион сўм;

Хожели районы – 817 миллион сўм;

Шымбай районы – 630 миллион сўм;

Шоманай районы – 348 миллион сўм;

Елликқала районы – 534 миллион сўмлық жәрдем көрсетилди.

Мағлыўмат орнында атап өтиў орынлы, кем тәмийинленген, жәрдемге мүтәж шаңарақларға буннан басқа да ҳәр бир район ҳәкимлиги, 4 сектор басшылары тәрепинен белгиленген тәртипте азық-аўқат өнимлери тарқатылды ҳәм бул қайырқомлық илажлары еле де даўам етпекте.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

□□ Каналға ағза болыў - @QresMinistrlerKenesi